



# Enfòmasyon pou paran Nouyòk

## SÈVIS POU ELÈV KI PANKO ALÈZ NAN ANGLE

Lwa yo te pase nan lane 2001, ki rele **NO CHILD LEFT BEHIND (NCLB)**, se yon lwa federal pou amelyore edikasyon tout timoun. Lwa sa a bay lekòl yo responsablite rezilta elèv yo, li bay paran yo plis chwa, epi li fè pwomosyon metòd ansèyman ki mache. Nan fèyè enfòmasyon sa a, nou bay yon pati nan lwa a ki enpòtan pou paran yo konnen.

### Si pitit ou a fèk antre nan peyi Etazini oubyen si yo pa pale angle lakay li...

Pou elèv yo kapab genyen siksè lekòl, yo dwe konprann angle, pale angle, li angle epi ekri angle byen. Si pitit ou a pa alèz nan angle koulye a, li kapab bezwen klas espesyal pou timoun k ap aprann pale angle. Dapre NCLB, yo rele sèvis sa yo sèvis pou timoun ki panko alèz nan angle (LEP ann angle). Nan eta Nouyòk, yo bay timoun sa yo kou entansif nan angle kòm dezyèm lang (ESL) nan pwogram edikasyon bileng oubyen nan pwogram angle kòm dezyèm lang (ESL ann angle). Dapre NCLB, lekòl ki resevwa lajan Title I pou yo kapab fè pwogram pou elèv yo vin alèz nan angle genyen nouvo responsablite. Yo dwe fè paran yo konnen lè yo mete pitit yo nan klas bileng oubyen klas ESL sèlman epi yo dwe esplike yo kouman klas sa yo pral ede timoun yo.

Lekòl k ap itilize lajan Title I pou yo kapab fè pwogram pou elèv yo vin alèz nan angle dwe fè w konnen si pitit ou a nan yon pwogram edikasyon bileng oubyen klas ESL sèlman sou 30 jou apre lekòl louvri oubyen sou 2 semèn apre li kòmanse ale lekòl pou ane akademik lan. Aprann angle enpòtan, se sa k fè ou dwe genyen enfòmasyon sou pwogram bileng oubyen klas ESL sèlman y ap bay timoun lan epi kouman kou sa yo ap ede l vin gen bon ladrès nan pale angle, li angle, tandè angle ak nan ekri angle.

### Men ki enfòmasyon lekòl la dwe ba wou

- Pou ki sa pitit ou a bezwen yon pwogram edikasyon bileng oubyen klas angle kòm dezyèm lang sèlman.
- Ki ladrès pitit ou a genyen nan pale angle koulye a, kouman yo te teste li.
- Kouman pitit ou a ap travay lekòl koulye a.

- Kouman pwogram bileng lan oubyen klas angle kòm dezyèm lang (ESL sèlman) ap ede pitit ou a pale angle, kouman y ap ede l bay pi bon rannman nan lòt sijè yo.
- Ki sa ki diferan ant pwogram bileng ak pwogram ESL sèlman onivo kontni ak metòd.
- Konbyen tan pitit ou a kapab oblije pase nan klas sa yo.

## **Ou kapab chwazi mwayen ki pi bon an pou pitit ou a aprann angle lekòl**

Lekòl nan Nouyòk genyen diferan fason pou yo anseye angle. Dapre NCLB, pwofesè nan lekòl ou a kapab ede w chwazi youn nan diferan kalite pwogram bileng oubyen pwogram ESL sèlman ki egziste yo. Si pitit ou a ap resevwa edikasyon espesyal, pwofesè edikasyon espesyal la ak pwofesè edikasyon bileng lan oubyen pwofesè ESL la ap planifye avèk ou pou yo kapab reyalize objektif ki nan Pwogram Edikasyon Endividyèl la (IEP ann angle).

## **Ki sa ou kapab fè pou ou sèten pitit ou a ap aprann konprann angle, pale angle, li angle, ekri angle byen?**

- Si pitit ou a nan yon klas pou timoun ki pankò alèz nan angle, chèche konnen ki kalite sèvis yo ba li. Mande pwofesè a pou li ba w enfòmasyon alekri nan lang pa ou. Oubyen mande pou yo ba w yon tradiktè lè gen konferans ant paran ak pwofesè.
- Si ou panse pitit ou a bezwen èd nan konprann angle, nan pale angle, li angle, oubyen ekri angle, men li pa jwenn èd, pa pèdi tan. Kontakte pwofesè pitit ou a, pwofesè bileng lan, pwofesè ESL la, oubyen direktis la jodi a.
- Lekòl yo kapab ba w enfòmasyon sou klas pou granmoun ki vle aprann angle. Kontakte direktè lekòl la oubyen koòdinatè paran an pou ou kapab konn ki pwogram ki genyen nan kominote ou a.
- Si ou ta vle fè konesans lòt paran ki gen timoun k ap aprann angle, kontakte koòdinatè paran ki nan lekòl la oubyen lidè gwoup paran an. Fè yo konnen ou enterese epi fè yo konnen ou ta renmen ede nan mete yon òganizasyon sou pye.



*Feyè sa a se youn nan seri feyè enfòmasyon pou paran NY sou lwa federal sou edikasyon ki rele "okenn timoun pa rete dèyè" (No Child Left Behind, ann angle). Pati A, Seksyon 1112 (g) nan "No Child Left Behind" lan kouvri pwogram pou timoun ki pankò alèz nan angle. Si ou bezwen lòt feyè "...Enfòmasyon", mande direktis lekòl pitit ou a oubyen voye yon lèt elektwonik bay depatman Edikasyon eta Nouyòk la [nclbnys@mail.nysed.gov](mailto:nclbnys@mail.nysed.gov) oubyen ale sou sit la <http://www.emsc.nysed.gov/deputy/nclb/nclbhome.htm>. Sit lwa federal No Child Left Behind la genyen yon paj espesyal pou paran <http://www.nochildleftbehind.gov/parents/>.*